

Èske medikaman kapab ede m ak opresyon mwen an?

Wi, medikaman ka ede w jere opresyon. Yo pran medikaman kontwolè yo chak jou pou fè prevansyon kont atak tandiske medikaman sekou yo bay soulajman rapid lè sentòm yo parèt. Gen kèk inalatè ki konbine tou de medikaman sa yo nan yon sèl.

1



Medikaman **kontwolè** (oswa pou toulèjou) yo ede w kenbe poumon w pi ansante ak pi solid plis tan ap pase. Lè w pran medikaman kontwolè chak jou, sa ede w evite kriz opresyon.

Sonje byen, menm lè w santi w byen, opresyon w lan toujou la. Li enpòtan pou w pran medikaman kontwolè yo chak jou, menm lè w santi w byen.

Pale ak founisè ou a sou ki medikaman ki pi bon pou ou.

2



Medikaman **sekou** (oswa soulajman rapid) yo ede kanpe yon kriz opresyon.

Medikaman sekou yo vini souvan sou fòm yon inalatè. Ou itilize yon inalatè pou w respire medikaman an pandan yon kriz opresyon.

Kisa mwen dwe fè si mwen gen yon kriz opresyon?

- + Chita epi eseye respire dousman, regilyèman. Esye rete kalm.
- + Rale 1-2 ti boufe nan medikaman ki soulaje w rapid la, epi swiv enstriksyon ki nan Plan Aksyon Kont Opresyon ou an.
- + Si ou ka dekouvri kisa ki deklanche kriz opresyon ou an (tankou yon bèt domestik oswa yon moun k ap fimen), retire deklanchè a - oswa soti - nan zòn ki konsène a.
- + Al chèche èd si w pa santi miyò.

Prepare - pale ak founisè swen sante ou sou sa ou ta dwe fè pandan yon atak opresyon.

Pou w jwenn yon founisè ki ka ede w ak opresyon ou an, itilize kòd QR ki anba a:



Rele pou w pran yon randevou
1-844-NYC-4NYC



RETE KONEKTE. SWIV NOU.

nychealthandhospitals.org
Haitian Creole 03/26

Ou Ka Kontwòle Opresyon Ou an


NYC
HEALTH+
HOSPITALS



Care for NYC. No Exceptions.
NYC
HEALTH+
HOSPITALS

Kisa opresyon ye?

Opresyon se yon maladi poumon ki fè li difisil pou w respire. Moun ka fè opresyon a tout laj.



A kisa opresyon sanble?

Ou ka gen kèk oswa tout sentòm opresyon sa yo:

- + Tous
- + Yon son siflèt lè w ap respire (respirasyon siflant)
- + Souf kout
- + Pwatin sere
- + Ou fatige pi fasil pase sa ki nòmal

Kisa yon kriz opresyon ye?

Yon kriz opresyon se lè sentòm ou yo vin pi mal. Pandan yon kriz opresyon, ou ka gen:

Poukisa mwen gen kriz opresyon?

Anpil bagay (yo rele deklannchè) ka fè ou gen yon kriz opresyon. Deklannchè yo diferan pou chak moun. Deklannchè opresyon ou jwenn pi souvan yo se:



BÈT DOMESTIK

MWAZI



POUSYÈ

POLISYON

ENFEKSYON

PWOBLÈM POU PALE OSWA POU MACHE




PWOBLÈM POU RESPIRE



Poukisa opresyon fè li difisil pou w respire?

Vwa respiratwa yo se tib ki pote lè andedan ak pa deyò poumon w yo. Vwa respiratwa ki nòmal yo ouvè epi yo lib, konsa lè a antre epi soti fasilman. Si w gen opresyon, vwa respiratwa w yo vin twò sere, sa ki fè li pi difisil pou lè a antre ak soti.


Vwa respiratwa w yo



YON SON SIFLÈT LÈ W AP RESPIRE (RESPIRASYON SIFLANT)




PWATRIN SERE



PRODUS CHIMIK TANKOU PAFEN OSWA DEZODORAN

RAVÈT


RAT/SOURIT



RIM AK MALADI

FIMEN

EGZÈSIS



PLANT AK SEZON YO

Lè w konnen ki bagay ki ka anpire opresyon w lan, sa ka ede w kontwòle opresyon w lan. Pale ak founisè ou a sou kijan ou ka rete lwen deklannchè ou yo.